

**Pa Prezidan
Henry B. Eyring**

Premye Konseye nan
Premye Prezidans lan



Fanmi ak zanmi pou tout tan

Kèlkeswa kote w ap viv, ou gen zanmi ki ap chèche pi gwo bonè sa a ou jwenn nan viv levanjil retabli Jezikri a. Yo gen dwa pa kapab dekri bonè sa a an pawòl, men yo ka rekonèt li lè yo wè l nan lavi ou. Sa ap vin fè yo anvi sous bonè sa a, espesyalman lè yo wè ou fè fas ak eprèv menmjan avèk yo.

Ou santi w kontan lè w respekte kòmandman Bondye yo. Sa se fwi yo pwomèt nan viv levanjil la (gade Mozya 2:41). Ou pa obeyi kòmandman Senyè a fidèlman poutèt pou lòt moun ka wè, men moun ki wè bonè w yo ap prepare pa Senyè a pou yo tande bòn nouvèl Retablisman levanjil la.

Benediksyon ou resevwa yo kreye obligasyon ak opòtinite ekstraòdinè pou ou. Antanke yon disip Jezikri ki fè alyans, ou gen obligasyon pou w bay lòt moun yon opòtinite pou yo jwenn pi plis bonè, espesyalman zanmi w yo ak manm fanmi ou.

Senyè a te wè opòtinite ou e li te dekri obligasyon ou nan kòmandman sa a: “Se pou chak moun ki resevwa avètisman avèti pwochen l” (D&A 88:81).

Senyè a rann kòmandman sa a pi fasil pou obeyi atravè chanjman ki fèt nan kè nou lè nou aksepte ak viv levanjil Jezikri a. Kòm rezilta, lanmou nou pou lòt moun ogmante, ansanm avèk dezi nou pou yo gen menm lajwa sa a nou fè eksperyans la.

Yon egzanp sou chanjman sa a se fason nou akeyi chans pou ede nan travay misyonè Senyè a. Misyonè aplentan yo aprann byen vit ke yo ka resevwa yon repons antouzyas nan men yon moun ki vrèman konvèti lè yo mande l yon moun pou yo anseye. Yon moun ki konvèti gen gwo dezi pou zanmi li ak manm fanmi li pataje bonè l genyen an.

Lè dirijan misyon pawas ou oswa misyonè yo mande non yon moun pou yo anseye, sa se yon gwo konpliman pou ou. Yo konnen ke zanmi w yo wè lajwa ou epi, konsa, zanmi sa yo prepare pou yo tande ak chwazi pou yo aksepte levanjil la. Epi yo gen konfyans ke w ap rete kalite zanmi yo pral bezwen an lè yo vini nan wayòm nan.

Nou pa bezwen pè pou n pa pèdi zanmi lè nou envite misyonè yo pou rankontre yo. Mwen gen zanmi ki te rejte misyonè yo men ki vin remèsye m nan apre dèske m te ofri yo yon bagay yo te konnen ki te si presye pou mwen. Ou kapab fè amitye k ap dire pou tout tan lè w ofri levanjil la, ke yo wè ki pote lajwa pou ou a. Pa janm rate yon opòtinite pou envite yon zanmi e espesyalman yon manm fanmi pou chwazi pou suiv plan bonè a.

Pa gen pi gwo opòtinite pou envitasyon sa a pase nan tanp yo nan legliz la. Ladan yo, Senyè a kapab ofri

òdonans sali yo pou zansèt nou yo ki pa t kapab resevwa yo lè yo t ap viv. Y ap gade nou avèk lanmou ak espwa. Senyè a pwomèt ke y ap gen opòtinite pou yo vini nan wayòm ni an (gade D&A 137:7–8), epi li plante yon lanmou pou yo nan kè nou.

Anpil nan nou konn santi lajwa nan ofri òdonans tanp yo pou lòt moun, menmjan nou santi lè nou bay misyonè yo non moun pou yo rankontre. Nou konn santi yon pi gwo lajwa toujou lè nou fò òdonans pou zansèt nou yo. Yo te revele Pwofèt Joseph Smith ke bonè etènèl nou posib sèlman si nou ofri zansèt nou yo mwayen pou yo jwenn benediksyon sa a atravè òdonans pa pwokirasyon nan tanp yo (gade D&A 128:18).

Sezon Nwèl la pote nou medite nan kè nou sou Sovè a ak sou lajwa levanjil li a pote pou nou. Nou montre l gratitud nou lè nou ofri lòt moun lajwa sa a. Gratitud la vin tounen lajwa lè nou bay misyonè yo non moun ak lè nou pote non zansèt nou yo nan tanp. Prèw gratitud nou kapab fè zanmi ak fanmi k ap dire pou tout tan.

ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Prezidan Eyring eksplike ke nou kapab montre gratitud nou pou Sovè a nan pataje levanjil la avèk lòt moun. Ou kapab diskite avèk moun w ap anseye yo sou fason kado levanjil la beni lavi yo. Panse pou envite yo pou yo idantifye atravè lapriyè moun yo ta renmen pataje don levanjil la avèk yo ak fason yo kapab fè sa.

TIMOUN

Pataje temwayaj ou

Ou ta kapab pataje kado levanjil la pou Nwèl sa a nan bay yon zanmi oswa yon vwazen yon Liv Mòmòn avèk temwayaj ou ekri ladan. Suiv etap sa yo pou w pare li:

1. Sou yon moso papye, mezire yon rektang apeprè 4½ x 6½ pous (11½ x 16½ cm) epi fè yon grandèt ede w koupe li.
2. Ajoute yon foto pa ou—yon desen oswa yon foto—nan tèt paj la.
3. Ekri temwayaj ou anba foto w la.
4. Fè yon grandèt ede ou tache papye a andedan po Liv Mòmòn an.

JÈN YO

Èske m ka pataje yon Liv Mòmòn?

Pa Josh Arnett

Pandan premye ane mwen nan lekòl segondè, enstrikte seminè m nan te envite klas la pou n te bay zanmi nou ki pa manm yo Liv Mòmòn an. Malgre ke m te timid anpil, mwen te aksepte envitasyon an.

Sa te pran m plizyè jou pou m te jwenn kouraj pou m te fè sa, men m te finalman bay zanmi mwen, Britny, liv la pandan lè rekreyasyon an epi m te rann ni yon brèf temwayaj. Britny te di m mèsi pou liv la.

Nan fen ane lekòl la, Britny te demenaje, men nou te rete an kontak. Li te pale m de nouvo lekòl li a ak fason prèske tout zanmi li sete manm Legliz la, men li pa t janm pale sou okenn bagay espirityèl avèk mwen.

Sa te chanje anvan m te pati al nan misyon. Mwen te resevwa yon mesaj nan men Britny ki te di ke l te gen gwo nouvèl pou mwen: li ta pral batize, e li te vle remèsye m dèske m te zanmi li e m te bay yon bon egzanp.

Bondye te pran yon tigason 15 zan ki pa t gen okenn eksperyans misyonè epi l te dirije li al pataje levanjil la avèk yon moun Li te konnen ki t ap aksepte li. Mwen konnen si nou koute Lespri a, nou tout kapab jwenn moun bò kote nou ki ap tann pou yo aprann sou levanjil retabli a. Mwen konnen si nou ede mennen menm yon moun bay Senyè a, “ala lajwa [nou] ap anpil avèk li nan wayòm Papa [nou] an!” (D&A 18:15).

Otè a ap viv Washington, nan Etazini



Lafwa, Fanmi, Sekou

Misyon divin Jezikri : Sèl Pitit Gason Literal Papa a

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konnen kisa pou w pataje. Nan ki fason konprann lavi ak misyon Sovè a ogmante lafwa nou nan Li e beni moun n ap veye sou yo atravè vizit nan fwaye yo? Pou plis enfòmasyon ale nan reliefsociety.lds.org.

Sa a se yon pati nan yon seri Mesaj Vizit nan Fwaye ki dekri aspè sou misyon Sovè a.

Yo rele Sovè nou an, Jezikri, Sèl Pitit Gason Literal Papa a paske Li se sèl moun sou tè a ki te fèt de yon manman mòtèl ak yon Papa imòtèl. Li eritye pouvwa divin nan men Bondye, Papa Li. Nan men manman li, Marie, Li te eritye mòtalite e li te pase anba grangou, swaf, fatig, doulè, ak lanmò.¹

Paske Jezikri se Sèl Pitit Literal Papa a, Li te kapab bay lavi li epi reprann ni ankò. Ekriti yo anseye ke “pa mwayen ekspyasyon Kris la,” nou “jwenn yon rezirèksyon” (Jakòb 4:11). Nou aprann tou ke nou tout “kapab leve nan imòtalite pou al viv etènèl” si nou “kwè” (D&A 29:43).

Lè nou rive pi totalman konprann kisa sa vle di pou Jezi se Sèl Pitit Gason Literal Papa a, lafwa nou nan Kris la ap ogmante. Èldè D. Todd Christofferson nan Kolèj

Douz Apot yo te di, “Lafwa nan Jezikri se konviksyon ak asirans sou (1) pozisyon li kòm Sèl Pitit Gason Literal Bondye a, (2) Ekspyasyon Enfini l la, ak (3) Rezirèksyon Literal Li a.”² Pwofèt nou genyen jodia yo temwaye: “[Jezikri] sete . . . Sèl Pitit Gason Literal nan lachè, Redanmte mond lan.”³

Nan Ekriti yo

Jan 3:16; Doktrin ak Alyans 20:21–24; Moyiz 5:6–9

Nan Istwa Nou

Nan Nouvo Testaman an nou li konsènan kèk fi, kèk nou konnen non yo e kèk nou pa konnen, ki te egzèse lafwa nan Jezikri, te aprann ak viv ansèyman L yo, epi ki te temwaye sou ministè Li, mirak li yo ak majeste li. Fi sa yo te vin disip egzanplè ak temwen enpòtan nan travay sali a.

Pa egzanp, Mat te rann temwayaj li sou divinite Sovè a lè l te di

l: “Mwen konnen ke ou se Kris la, Pitit Gason Bondye a, ki te gen pou vini nan mond lan” (Jan 11:27).

Kèk nan premye temwen sou divinite Sovè a sete manman li, Mari, ak kouzin ni, Elisabeth. Tousuit apre zanj Gabriel te vizite Mari a, li te vizite Elisabeth. Osito ke l te tandè salitasyon Marie, li te “ranpli avèk Sentespri a” (Lik 1:41) epi li te rann temwayaj ke Mari t ap vin manman Pitit Gason Bondye a.

NÒT

1. Gade *Gospel Principles* (2009), 52–53.
2. D. Todd Christofferson, “Building Faith in Christ,” *Liahona*, Sept. 2012, 13.
3. “Kris vivan an: temwayaj Apot yo,” *Liahona*, Avr. 2000, 2–3.

Kisa M Ka Fè?

1. Poukisa li enpòtan pou mwen konprann wòl Jezikri yo?
2. Ki fason alyans yo ogmante lafwa nou nan Sovè a?